



Schools: Retain this completed form for your records

Konsantman pou M.F. Kontwolè ekstèn pou obsève Reyinyon Ekip Seksyon 504

Nan prentan 2023, Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, DOE) te fè yon aranjman pou rezoud yon pwosè konsènan swen ak sèvis ki gen rapò ak dyabèt nan lekòl leta DOE. Gen plis enfòmasyon sou ka a (M.F., et al. v. DOE, et al.) ki disponib sou sitwèb DOE nan: <https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/staying-healthy/diabetes>

Kòm yon pati nan aranjman an, yon kontwolè ki soti deyò (External Monitor) pral obsève yon kantite reyinyon Ekip Seksyon 504 la pou wè kijan pwosesis Seksyon 504 la ap mache pou elèv K-12 DOE ki gen dyabèt. Kontwolè ki soti deyò a pral sèlman tande ak obsève, li pa pral yon patisipan aktif nan reyinyon an. L ap itilize obsèvasyon li yo pou bay DOE opinyon sou fason li kapab amelyore pwosesis Seksyon 504 la pou elèv ak fanmi yo.

Tanpri ranpli fòm sa a si ou dakò pou kontwolè ki soti deyò a ak/oswa manm ekip li a patisipe nan Reyinyon Ekip 504 pitit ou a. DOE ap kenbe fòm konsantman yo nan dosye jiska 15 out 2026, oswa jiska peryòd delè a. Sepandan, ou ka anile konsantman an nenpòt ki lè si w kontakte Kowòdonatè Seksyon 504 nan lekòl pitit ou a.

Mwen menm, _____ (Paran/responsab, oswa elèv (si se yon minè emansipe oswa ki gen laj 18 lane oswa plis), dakò pou Kontwolè ki soti deyò a/reprezantan l patisipe nan reyinyon Ekip 504 mwen an/pitit mwen an.

Mwen konprann External Monitor/reprezantan an pral pran enfòmasyon ki gen rapò ak akomodasyon ak sèvis sante pou dyabèt mwen an/pitit mwen an nan objektif pou evalye si yo respekte akò aranjman M.F la.

Non elèv la: _____

Lekòl: _____

Nimewo OSIS: _____

Siyati paran/responsab: _____ Dat: _____

Siyati elèv (si li emansipe oswa si li gen laj 18 lane oswa plis): _____

Dat: _____